TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

# MITRA NOE TANI

DJILID XIII.



PNRI Balai Pustaka

631/SA.

Mitra Wal Tani.

Asmaradahana.

Taman Pustaka
Pagaden
Subang
Cwl

terima 6/II 28

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI bp Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI bp Balai Pustaka

# MITRA NOE TANI.

## DJILID No. XIII.

(ASMARANDANA).

Lamoen moenggoeh djoeroe tani, ngamoeljakeun pepelakan, diome dihade-hade, eta teh toemarimana, ngoengkoelan ka manoesa, lipet poeloeh lipet ratoes, malesna ka noe roemawat.

Ditjitakna di kantor tjitak toean
H. A. BENJAMINS, Samarang.
1914.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

# I.

## HAL SANINTĚN.

*Karangan Padoeka Toean* K. F. Holle, *disoendakeun koe Raden Dĕmang* Soerja nata lĕgawa, *Patih afdeeling Soekaboemi.*

---

Di tanah Europa loembrah pisan sanintĕn teh dihadjakeun dipĕlak; babakoena di tanah Europa sabeulah kidoel. Malah di nagara Spanjĕ djeung Italie boeah sanintĕn kaasoep oge djadi babakoe tĕda djĕlĕma.

Ari di nagri Walanda sanintĕn teh disĕboetna kastanjeboom.

Didaharna sanintĕn teh diboeboej, dikoeloeb, sĕrta didagangkeun di toko-toko djeung disatoeroet-toeroet djalan; aja oge anoe didjieun manisan ditjampoer sirop atawa peueut.

Ti Europa rea sanintĕn noe dikaloearkeun ka sedjen tĕmpat noe hawana leuwih tiis, sabab di noe hawana tiis teuing sanintĕn teu pati daekeun djadi.

Ari di dieu di poelo Djawa sanintĕn teh djadi koe maneh di leuweung-leuweung bae, hĕnteu pati aja noe ngahadja mĕlak, ngan rĕsĕp ngala boeahna bae. Kitoe deui koe sabab kareaanana djĕlĕma teh ngan daek kana djagongna, tapi ĕmboeng kana djagangna, ngalana boeah oge hĕnteu pisan reudjeung pikiran, estoe ngan ngarah babari bae; dahanna noe aja boeahan dipoenggĕl, malah aja noe ditoear katoet djeung tangkalna, ngarah seubeuh saharitaeun, noe matak ajeuna tangkal sanintĕn beuki lila beuki tjarang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Naha hĕnteu aja noe boga ingĕtan mĕlak di lĕmboer? Tangkal sanintĕn aloes katjida; kaina teuas sarta koeat, awetna meh mapakan ka kai djati, toer boeahna rea noe beuki djeung sakitoe matak ngoeatkeun kana badan; sarta lamoen tangkalna diome dihade-hade, boeahna tangtoe tambah aloes sakoemaha noe geus kadjadian di Europa. Geuning di dieu oge boeah manggoe tina tangkal noe beunang ngahadja mĕlak di kĕbon, leuwih aloes djeung leuwih ngeunah ti batan manggoe leuweung; nja kitoe deui boeboeahan sedjen, tambah hadena teh taja lian ngan koe lantaran hade pangome. Di pakarangan kangdjĕng toean Assistent-Resident Wonosobo aja hidji tangkal sanintĕn noe dihadja dipĕlak, boeahanana leubeut sarta hade pisan, tangkalna sĕgĕr sarta koeat. Kahajang teh pamoega-moega koela aja deui batoerna sanintĕn noe dihadja dipĕlak, oelah ngan ngarah sakoer anoe djadi sorangan di leuweung-leuweung bae. Di tanah pagoenoengan noe loehoer ti laoet, rea boeboeahan anoe teu pati daekeun djadi, ari sanintĕn mah di noe loehoerna 2000 kaki oge hade keneh pisan djadina djeung boeahanana leubeut.

Tjik atoeh noe ahli tani njoba mĕlak di kĕbon atawa di pakarangan! Rasa koela moal datang ka handjakal. Lamoen hajang tereh kaala hasilna, hade njoba njangkok sanintĕn leuweung; asa-asa moal boeroeng djadi djeung tangtoe tereh kapoeloek hasilna, doemeh tjangkokan geus tĕrang pisan gendjah boeahanana.

---

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

# II.

## BAB LAOEK TJAI.

*Karangan Raden Toemĕnggoeng* T j a k r a n a g a r a, *Boepati* Koedoes, *disalin kana basa Soenda koe Raden* S o e m a d i P r a d j a, *Djoeroe basa Soenda.*

Salawasna koela aja di *Koedoes* tatjan pisan manggih laoek tjai noe gĕde ngeunah sarta pĕlĕm, sapĕrti kantjra djeung djaba ti eta; sabab laoek tjai di *Koedoes* noe beunang ti waloengan-waloengan noe bidjil ti goenoeng *Moeria* mah teu aja lian ngan *dĕlĕg*, *lele* djeung laoek bangsa noe laleutik bae kajaning *tawes*, *nilĕm*, *oetjĕng* djeung djaba ti eta. *Loebang* tatjan pisan aja noe manggihan.

Dĕmi loebang tea karĕsĕpna dina tjai noe rea batoena, nja eta dina sĕsĕlana batoe atawa dina liang tjadas. Sok radjeun oge aja noe meunang *kakap* ti kali *Serang*, tapi tara rea.

Laoekna rantja-rantja di district *Oendaan* djeung laoek ti rantja *Bandaran* katjamatan *Kaliwoengoe* district *Koedoes* kareaanana bangsa *dĕlĕg*, *lele*, *tawes*, *beunteur*, *nilĕm*, *bogo*, *sĕpat*, *bĕloet*, *hoerang*, *toetoet* djeung djaba ti eta bae.

Geus aja gĕnĕp atawa toedjoeh taoen ka toekang, rea pisan djalma di district *Oendaan* noe kahiroepanana tina ngala laoek tjai, bangsa noe disĕboet bieu tea.

Koe sabab koela kakara di *Koedoes* bae manggih noe sok dagang dĕlĕg di pasar, sarta aneh dikokolakeunana djeung sakitoe reana datang ka beunang disĕboet djadi kaoentoengan gĕde ka djalma-djalma noe deukeut ka rantja-rantja, rasa koela pantĕs oge eta hal dĕlĕg ditjaritakeun rada pandjang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

Biasana eta dĕlĕg tara didjoeal atah, tapi dibeuleum heula. Di mana rek dibeuleum eta dĕlĕg sok direngkolkeun hoeloena djeung boentoetna dibeungkeut djadi hidji. Dĕlĕg noe beunang meuleum kitoe disĕboetna: „*lengkoer*".

Sok rĕmĕn oge eta dĕlĕg digoegoebar atawa dibakasĕm; goegoebarna disĕboetna: „*baloer*". Eta lĕngkoer, baloer djeung bakasĕm dĕlĕg sok didjoeal di pasar-pasar, malah nĕpi ka pasar pagoenoengan. Ari dĕlĕg tea hĕnteu sakoemaha ngeunahna, tapi tjek oerang lĕmboer mah doemeh tjarang manggih laoek nja disĕboet ngeunah pisan, katambah-tambah hargana moerah djeung mĕmĕl dagingna.

Loembrahna awewe di *Koedoes* moen boga orok keur njoesoe keneh, tara dahar laoek, ka djaba ti deeng (kere) noe geus toehoer pisan, tapi ari dĕlĕg mah sok radjeun oge didahar bae.

Oepama ngingĕtkeun alam ka toekang-toekang, kira-kira toedjoeh taoen ka behditoekeun laoek di rantja-rantja bilangan *Koedoes* mangsa ajeuna beunang disĕboet koerang ti nimbang djeung bareto.

Ari sababna nja eta: kahidji djalma-djalma noe ngala laoek teh sakama-kama sakawĕnang-wĕnang bae hĕnteu ngingĕtkeun piĕngkeeunana; bĕt lain ngala noe galĕde woengkoel, hĕnteu pisan-pisan dipilih: gĕde leutik dialaan bae.

Kadoea: geus sababaraha taoen eta laoek dialaan, tapi rantja-rantja mah hĕnteu pisan-pisan dipĕlakan, ambrih laoekna tambah rea tambah rĕkah.

Katiloe: sabab oenggal taoen ari keur oesoem ngidjih sok tjaah; rea leutak ti kali *Serang* kairid ka rantja-rantja tea, lila-lila eta rantjasaeur, malah sok datang ka meh euweuh tjaian.

Kareaanana noe ngala laoek teh make heurap, boeboe, sirib, soesoeg, djeung djaba ti eta; tapi aja deui atoerán ngala laoek, nja eta kieu: di sisi-sisi rantja atawa waloengan palĕbah noe sĕpi, noe teu kagiridig koe djalma, di dinja teh diroemponan koe dahan-dahan, regang-regang, disĕboetna eta roempon kitoe: „*boengboen*". Ari laoek poegoeh karĕsĕpna tjitjing di noe bala kitoe. Tara lila eta laoek teh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

karoempoel ka dinja. Kira-kira doea tiloe poë deui kana pidialaeun laoekna eta boengboen pek dikoelibĕng koe wide, geus kitoe roemponna dihandjatkeun, ti dinja laoek noe aja di djĕro wide tea djadi kakoebĕng toeloej diala. Dĕmi ngalana koe lambit gĕde, lambit leutik, koe ajakan disair.

Di deukeut desa *Proewoto* geus loembrah pisan djalma-djalma sok njieun tambakan di sawah rantja, ngoeriling palĕbah noe rek diala laoekna. Ti dinja noe dikoerilingan koe tambakan teh toeloej diroemponan. Ari keur oesoem ngidjih eta tambakan sok limpas. Nja dina keur oesoem harita, laoek ti kali *Serang* boedalna ka eta rantja. Dĕmi halodo tjaina orot, tambakanana tembong deui. Ti dinja tjaina ditawoe datang ka saat, toeloej diala laoekna.

Di rantja-rantja rea pisan tjai noe ngotjor tjara soesoekan bae, nja eta oeroet noe ngala leutak pikeun njaeuran sawah. Aja oge soesoekan noe djadi sorangan bae, nja eta kabawa tjai tarik ari keur tjaah. Lamoen tjaina keur leutik datang ka meh hĕnteu ngotjor, eta solokan-solokan teh sok dipeng-kong koe kaso atawa mandjah, toeloej dipopok koe leutak, ti dinja ditawoe, laoekna diala.

Tah kitoe djalma-djalma ngaralana laoek ti rantja-rantja djeung ti waloengan-waloengan. Eta djadi kahiroepanana djalma-djalma. Handjakal pisan bĕt hĕnteu aja ingĕtanana pakeun mĕlak laoek di eta rantja-rantja atawa waloengan-waloengan. Moen ĕmboeng mĕlak teh, atoeh saboetoehna ngalana bae sing dipilih, oelah gĕde leutik dialaan bae. Ari ingĕtanana, noe matak hĕnteu marĕlak teh, sabab bibit datang sorangan, kabawa tjaah; nja eta dina keur oesoem ngidjih.

Djeung deui ari oesoem halodo sok koerang tjai taja pĕtana pikeun mĕlak laoek, malah inoemeun oge hese pisan.

Salawasna koela djadi Boepati di *Koedoes* ti taoen 1886 nĕpi ka ajeuna, tatjan manggih djalma noe mĕrloekeun mĕlak laoek; bĕt hĕnteu aja noe boga ingĕtan ngadjaga piahireunana, soepaja laoek tjai oelah datang ka beak toempoer.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

Tambah-tambah noe miloe ngala laoek tjara noe kasĕboet di loehoer tadi teh, lain djalma-djalma noe deukeut ka rantja-rantja woengkoel, tapi ti sedjen district sok rea noe miloe.

Lamoen ngingĕtkeun bedana tjai di kali *Serang* djeung rantja-rantja di *Koedoes* dina oesoem ngidjih djeung oesoem katiga, rasa koela pantĕs pisan taja noe daek mĕlak laoek tjai. Ari oesoem ngidjih sok tjatjaahan lain dikieuna gĕdena datang ka ngaroeksak djalan, sawah djeung pĕpĕlakan; tapi ari oesoem halodo sok meh saraat.

Nja kitoe deui djalma-djalma di desa-desa anoe kasorang koe tjai ti Goenoeng *Moeria* hĕnteu daekeun mĕlak laoek, koe sabab di dinja kakoerangan tjai, djeung deui ari oesoem katiga tjaina sok dipake ngĕbon tiwoe djeung djaba ti eta; malah pakeun eta oge meh hĕnteu tjoekoep, koe sabab leutik; atoeh soemawonna pakeun mĕlak laoek, eta mah beunang disĕboet geus teu aja pĕtana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

# III.

## BAB SOKLAT (CACAO).

*Karangan toean Controleur* **H. de Bie.**

Anjar-anjar ieu koela ningal dina soerat kabar *Indische Mercuur* tanggal 18 April 1896 no. 16 sarta dina boekoe *Teysmannia* djilid 9 tahoen ajeuna, aja atoeran hal mělak djeung ngokolakeun soklat (cacao). Doemeh ajeuna di Priangan noe marělak soklat rada rosa tambahna, pikiran koela hade oge ditjaritakeun; soegan bae aja anoe hajangeun noeroetan, soekoer moen datang ka hasil. Eta atoeran istoening beunang njoetat-njatět sakoer anoe geus kapilampah sarta hade pisan di nagara *Guadeloupe* bilangan *Amerika*, toer di dinja saalam doenja kaitoeng pangləgalěgana sarta pangmashoer-mashoerna kěbon soklat. Sakoer anoe kaoeni dina soerat kabar *Indische Mercuur* djeung boekoe *Teysmannia* tea, nja eta beunang noekil tina boekoe karangan hidji toean djěněnganana Dr. *Paul Guerin*, noe beunang disěboet ahli kana mělak djeung ngokolakeun soklat di nagara *Amerika*.

Pondokna eta atoeran teh kieu:

Karereaanana noe marělak soklat sok diipoek heula sikina. Di oerang oge nja kitoe, malah geus rěměn koela manggihan noe ngipoek dina awi saroeas. Di mana eta soklat geus 8 atawa 12 boelan oemoerna kakara diliarkeun di kěbon. Eta tjek toean *Paul Guerin* salah katjida. Sabab dina oemoer sakitoe, pantjěrna pětetan geus 30 atawa 35 cM. pandjangna, tambah-tambah mindahkeun pětetan tina ipoekan kana kěbon pělakaneun teh lain pagawean sambarang djalma bae

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

atawa lain pagawean loemajan; teu kaop salah saeutik toeloej bae pantjĕr pĕtetan djeung akar-akarna anoe lalĕmboet raroeksak: aja anoe bingkĕng doemeh katikĕlkeun, samalah aja noe parotong atawa parĕgat, basana kabantjen.

Koe sabab eta, mĕlak soklat teh leuwih hade koe siki bae, teu koedoe-koedoe diipoek heula.

Ari anoe dipake bibit koedoe siki anoe beunang milih boeah anoe badag djeung pangasakna, nja eta siki noe karolot baradag djeung baroeleud. Kira-kira dalapan poë deui samemehna ngaliarkeun, siki liarkeuneun teh koedoe geus sadia. Ari diliarkeunana koedoe keur oesoem ngidjih sarta 2 atawa 3 poë samemehna atawa saĕnggeusna boelan tanggal 14, sabab noe geus kaboektian tangkal soklat noe beunang mĕlak waktoe harita, sok morontod, montok djadina, sarta leubeut boeahna.

Ari mĕlakna dina hidji lombang koedoe 3 siki didjoeroetiloekeun, tjarangna siki pada siki kira-kira 12 atawa 15 cM. sarta eta siki koedoe didĕdĕtkeun sina asoep 2 cM. ka djĕro taneuh djeung panonna koedoe malik ka handap oelah disina ka loehoer. Lamoen mĕlakna ditangkarakkeun, kadjadianana pĕtetan sok ngarengkol bingkĕng. Pĕtetan noe saroepa kitoe beunang disĕboet lapoer bae tara daekeun moeloes djeung walagri djadina. Nja tina eta panon bidjilna pĕtetan teh, sarta samemehna mĕlĕtek koedoe diroengkoepan koe daoen atawa gĕbog tjaoe, disaeuran koe taneuh saeutik ti loehoerna, soepaja oelah datang ka ngahĕlab lamoen kadoepak angin.

Kira-kira ka 8 poëna eta pĕtetan teh geus mĕlĕntoeng sarta daoen tjaoe noe dipake toeroeb tea koedoe dilaanan. Moen kabĕnĕran sarta hade poëna meureun dina antara 8 nĕpi ka 15 poë teh sakabeh siki gĕbrag mĕlĕntoengna. Dina ka 15 poëna siki anoe teu djaradi koedoe disoelam, diganti koe noe sedjen. Ari digantina koedoe dina oesoem ngidjih keneh.

Rĕmĕn pisan siki soklat noe beunang ngaliarkeun teh sok dihakan rinjoeh atawa koeoek. Ari piakaleunana nja

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

eta koedoe digalokeun heula djeung lĕboe samemeh dipĕlak, ngan rada handjakal saeutik aja halanganana; nja eta panonna siki teh sok kaboelĕn teu tembong, djadi oepama rek dipĕlak eta panon hĕnteu katangen malik ka loehoer atawa ka handap. Koe sabab eta didjagana eta rinjoeh djeung koeoek teh leuwih hade ĕngke bae di mana geus ngaliarkeun toeloej ditjebor koe tjilĕboe atawa saolah-olah migawena taneuh koedoe djĕro djeung ridoeh pisan, doemeh di noe katjida pisan ridoehna tara dipikarĕsĕp tjitjing koe rinjoeh atawa koeoek, djeung deui dina taneuh kitoe moen ditjebor tjilĕboe teh bisa rada djĕro njĕrĕpna.

Oepama rek ngĕbon soklat dina lahan weuteuh nja eta leuweung anoe beunang ngaboekbak, koedoe milih-milih pisan di mana noe euweuh batoean atawa tjadasan di handapna. Dina eta lahan pĕlakaneun teh koedoe njieun lombang. Dĕmi roebakna lombang sakaki oge tjoekoep, sarta dikosongkeun heula taneuhna asal. Ti dinja eta lombang koedoe disaeuran koe taneuh gĕmoek, djeung koe djoekoet pangbabadan. Di mana eta gĕmoek geus rada boeroek sarta galo, kakara bibit siki teh dipĕlakkeun.

Lamoen dina lahan oeroet, nja eta dina lahan anoe geus mindĕng dikĕbonan koe pĕpĕlakan sedjen, lombang pelakaneun teh koedoe roebak pisan sarta djĕro. Sakoerang-koerangna koedoe 3 kaki roebakna djeung $1^1/_2$ atawa 2 kaki djĕrona, sarta eta lombang koedoe rada rosa disaeur koe taneuh gĕmoek pamitjeunan tina kandang djeung koe djoekoet pangbabadan. Lamoen eta kokotoran kira-kira geus boeroek djadi gĕmoek, kakara beunang dipĕlakan. Bareto mah tjek pikiran ahli-ahli anoe ngarĕbon, soklat teh tara daekeun djadi dina lahan oeroet, di djadina oge goreng rada mereketetet, lila ngagĕdeanana, djeung diboeahanana oge katjida pisan koerangna. Tapi ari boektina mah dina lahan kitoe geuning hade keneh bae, ngan soepaja diapik-apik mĕntjoegna sarta oelah koerang gĕmoek, sabab nja bĕnĕr oge ari soklat teh kahajangna dina taneuh gĕmoek djeung ridoeh.

Saĕnggeusna dipĕlakan, eta lombang lila-lila meureun

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

rada neundeut di tĕngah-tĕngahna. Eta montong teuing djadi kawatir, malah leuwih hade ge kitoe; sabab ĕngkena beunang dikeureujeuh disaeuran deui, sarta matak hade pisan kana djadina tangkal soklat. Tatapi njaeuranana oelah datang ka moetjoeng koedoe sing rada rata bae. Sabab oepama moetjoeng, lila-lila akarna meureun beuki ka loehoer djadina, sabab moen rĕmĕn katinggang hoedjan, eta taneuh panjaeur anoe mĕndjĕkoel teh kairid koe tjileungtjang meureun tembong eta akar, toeloej bae tangkalna lajoe atawa paeh pisan.

Di Amerika galib pisan kĕbon soklat teh ditoempangan koe tatangkalan sedjen diarah hieumna sarta dipake paminding angin ongkoh, tatapi kitoe oge ngan di noe lenglang tĕmpatna. Koemaha ari dina patĕmpatan anoe rada njĕlap-njĕlap di noe lĕgok noe teu sakoemaha kaanginan tapi rada tiis oge hawana? Di dinja mah teu pisan dibaoeran koe tatangkalan sedjen, doemeh teu aja kapĕrloeanana, samalah djaba ti tatangkalan noe hieum-hieum sok radjeun oge ditoempangan tjaoe atawa roepa-roepa palawidja, djadi samemeh soklat boeahan anoe boga kĕbon meunang hasil tina palawidja djeung tina tjaoe. Loembrahna samemehna di kĕbonan soklat, lahanna dipĕlakan heula koe tatangkalan noe hieum, tjarangna koerang leuwih ti satoembak satĕngah. Di mana ieu tangkal geus oemoer satahoen, toeloej disĕlapan koe tjaoe dina djadjaranana, tjarang kira-kira $^1/_2$ toembak. Moen ieu tjaoe geus sadĕdĕg djalma gĕdena; kakara madjoe ngaliarkeun pĕtetan soklat, tjarangna 4 × 3 meter.

Ari tangkal soklat tea saroea djeung tatangkalan sedjen bae, nja eta oepama digĕmoek sok hade: nja tereh ngagĕdeanana, nja montok djadina. Pangaloes-aloesna gĕmoek anoe geus kapake, nja eta gĕmoek tjangkang siki kapas. Tapi eta gĕmoek tjangkang siki kapas teh kapakena teu lila ngan sakeudeung pisan hadena, sapĕrti koeda kĕbloek digitik oge tiap saharitaeun bae gantjang madjoena. Leuwih hade gĕmoek pamitjeunan ti kandang. Eta mah rada awet oge kapakena sarta matak hade pisan kana tangkal soklat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Dina 2 tahoen katiloena tangkal anoe moeloes djadina geus pada karĕmbangan, tapi moen tangkalna teu atjan oemoer 3 tahoen, eta kĕmbang teh teu aja noe djadi boeah, djadi kaitoeng kĕmbang boeroeng bae. Dĕmi soklat tea kaitoeng teu aja moesimna kĕmbangan atawa boeahanana. Tapi lĕbah di nagara Amerika dialana eta boeah teh bakoena ngan 2 kali dina satahoen. Dĕmi piaraanana kĕbon soklat teu kaasoep beurat. Sabab tangkal keur laleutik keneh kadang-kadang koedoe diojos ambrih oelah bala teuing, sarta sakoemaha noe geus katjaritakeun tadi galib pisan sok ditoempangan koe roepa-roepa palawidja. Eta teu matak goreng kana tangkal soklat. Mangkena ari soklatna geus rada gĕde kadang-kadang lahanna koedoe dipĕntjoeg, tatapi oelah datang ka ngaroeksak akarna, djeung deui beuki gĕde tangkal beuki tjarang mĕntjoegna teh. Dina kĕbon-kĕbon kolot mah tjoekoep koe sakali doea kali dipĕntjoeg dina satahoen.

Ningal katĕrangan toean *H. G. Lorch*, Administrateur tanah kontrak di *Telaga*, bawah *Salatiga*, karĕsidenan *Samarang*, siki soklat tereh pisan leungit kakoeatanana. Koe sabab eta ari rek ngipoek, siki pibibiteun leuwih hade milih anoe weuteuh, anoe anjar pisan beunang ngala (mipit); sarta samemehna diipoek hade dikeueum heula antara sadjam, ti dinja digalokeun djeung lĕboe.

Panghade-hadena ngipoek nja eta di boelan Mei, djadi di boelan December bibitna noedjoe kira-kira 30 centimeter djangkoengna, meudjeuhna nakĕr diliarkeun.

Taneuhna kĕbon soklat pĕrloe pisan koedoe sing asak digarapna, sarta hade digĕmoek koe tai sato pamitjeunan ti kandang.

Samemehna ngaliarkeun oenggal lombang pĕrloe diteundeunan lĕboe, baris ngadjaga-djaga rinjoeh djeung koeoek sarta lian ti eta. Hidji lombang kira-kira ¼ kaleng (blek minjak tanah) ge tjoekoep; sarta eta lombang leuwih oetama didjieun antara gĕnĕp boelan ti heula.

Tjek toean *Lorch* poekoel ratana beubeunangan siki beunang disĕboetkeun 3 pikoel tina hidji baoe keur oemoer 3

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI

tahoen kaopatna. Dina oemoer 5 tahoen tambah tĕpi ka 4 ½ pikoel; ti dinja madjoe deui ka 6 pikoel.

Di Guadeloupe kareaanana kĕbon soklat sok dibojor atawa ditjebor. Tatapi sarehna dibojorna koedoe make dipangnjieunkeun soesoekan sarta rada beurat ongkosna, djadi oerang dinja teh boga akal kieu. Kira-kira heuleut 1 ½, atawa 2 toembak taneuhna dikali didjieun kamalir, toeloej indoeng solokan anoe deukeut njĕsĕr ka dinja teh dipĕndĕtan soepaja tjaina bisa njimpang asoep kana eta kamalir. Di mana geus pinoeh koe tjai toeloej tangkal-tangkal anoe teu kasĕsĕr koe eta tjai ditjeboran koe ember atawa noe saroepa kitoe.

Samalah oepama lahanna kĕbon soklat rada tjĕbrek, di dinja teh sok make solokan boeroeng, soepaja eta tjai di noe tjĕbrek-tjĕbrek bisa njĕrĕp ka dinja.

Loembrahna soklat teh sok rea noe paeh atawa mereketetet sabab tangkal atawa dahan-dahanna raroeksak koe oetĕroetĕr djeung sawareh sok dihakan koe rinjoeh akarna. Boeahna sok parĕboet djeung badjing sarta bangsa beurit leuweung. Di oerang geuning sok radjeun oge boeah ngora-ngora toeloej hideung datang ka boeroek toeloej moerag.

Moen geus kolot boeah soklat beunang oge diingkeun watara saboelan teu koedoe oedjoeg-oedjoeg diala. Tapi leuwih oetama moen geus asak toeloej dipipit. Ari mĕtikna di noe djalma radjin mah sok dikeureut koe peso hĕnteu digoĕngkeun, sabab moen rada pageuh keneh toeloej digoĕngkeun, eta sok radjeun matak ngaroeksak tangkalna.

Boeah beunang mĕtik geuwat bae dipĕsek dilaanan sikina diwadahan dina bak kai atawa bak tembok. Ieu bak dasarna rada loehoer sabeulah, djadi monteng. Noe matak dipontengkeun eta teh dihadja soepaja tjai anoe bidjil tina leuleukurna siki bisa ngotjor. Di dinja diingkeun watara 2 atawa 3 poë, kakara dipeujeum.

Dĕmi hal ngokolakeunana siki soklat sok aja noe diganggang atawa dipeujeum heula, aja oge anoe hĕnteu diganggang hĕnteu dipeujeum.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

Di nagara Guadeloupe mah kabiasakeun pisan samemeh dikokolakeun, eta siki soklat dipeujeum heula. Ari dipeujeumna dina bak kai keneh diamparan koe daoen tjaoe. Ti dinja siki soklat beunang neundeun dina bak tembok di loehoer tadi sarta noe geus toeoes tjaina teh brĕs diteundeun dina eta bak pameujeuman sarta di loehoerna ditoeroeban koe daoen tjaoe, toeloej ditoempangan koe papan make dibeungbeuratan koe batoe. Pĕrkara ngokolakeun soklat ngan meujeum bae noe pangsoesah-soesahna, pangbĕrĕwitbĕrĕwitna, sabab teu kaop salah saeutik, toeloej gagal. Komo-komo lamoen noe mĕtakeun koerang paham. Tambah-tambah meujeum teh hĕnteu aja katangtoeanana dina lilana, noeroetkeun koemaha bangsana soklat djeung oesoemna ngokolakeun ninggang dina keur ngidjih atawa keur halodo, djeung deui sok noeroetkeun oge koemaha lobana siki noe aja dina peujeuman. Tapi geus tetela pisan oepama meujeum, leuwih tereh asakna anoe 10 atawa 12 takĕr ti batan noe 2 atawa 3 takĕr. Tampolana mah di djĕro opat atawa lima poë ge geus asak, sakapeung nĕpi ka teu asak dina djĕro 8 poë.

Kitoe deui koedoe ditangen koemaha dina roepana siki; di mana eta siki diloearna geus rada beureum ngora roepana sarta gĕbrag kitoe, djeung di djĕrona anoe asal bakatna sĕmoe beureum woengoe geus diganti koe sĕmoe koneng ngora, kakara eta peujeuman meudjeuhna didjait tina bak pameujeuman. Oepama di djĕro 4 poë teu atjan keneh asak, eta peujeuman teh koedoe ditjokot heula bae, sarta digalokeun. Ngagalokeunana koedoe di djĕro sapoë-sapeuting sakali, nĕpi ka asakna.

Moenggoeh hal meujeum tea, sakoemaha anoe geus kasĕboet tadi di loehoer, nja eta hidji pagawean anoe pangroedĕtroedĕtna, sarta dipigawena koedoe koe noe geus paham pisan, spepaja oelah kagantjangan teuing atawa kalilaan teuing. Oepama lila teuing dipeujeumna, sok matak hideung sikina; lamoen eta peujeuman teu oenggal poë digalokeun, kadjadianana nja kitoe keneh. Tampolana masih digĕntjet

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI

oge sok radjeun bae boeloekan. Oepama boeloekan, koedoe geuwat ditjokot tina pameujeuman, sarta koedoe dipoë heula, sapoëna 2 atawa 3 djam lilana. Ti dinja kakara dipĕtjak-pĕtjak dipeujeum deui.

Dĕmi noe didjieun bak pameujeuman teh koedoe papan noe kandĕl sarta nĕrapkeunana koedoe pageuh pisan. Papanna ti gigir leuwih hade make engsel, ambrih babari ari rek ngosongkeun bak, kari ngalaan bae paseukna eta papan noe engselan toeloej beunang digoëngkeun. Ari lĕgana bak noeroetkeun koemaha pĕrloena bae, asal oelah ragragan sikina, oepama keur diboelak-balik. Oenggal-oenggal mĕntas dipake meujeum eta bak koedoe dikoembah sing bĕrĕsih koe tjiapoe.

Lamoen geus asak dipeujeumna, eta siki soklat koedoe dipoë, digoearkeunana leuwih hade dina tĕmpat noe rata, sapĕrti anoe beunang ngabalaj atawa anoe beunang malester, sarta sabot dipoë koedoe rĕmĕn diboelak-balik, soepaja rata pisan kapoëna. Dina ngamimitianana moë mah 3 djam ge geus tjoekoep. Sanggeus dipoë eta siki soklat toeloej digoendoekkeun dina saoeng, soepaja bidjil kesangna. Dina ka 2 atawa ka 3 kalina dipoë sarta satoeloejna teh koedoe rada lila dipoëna. Di mana eta siki geus rĕgas atawa babari rĕmoek, tanda jen geus asak.

Di Ceylon kabiasakeunana siki beunang meujeum teh dikoembah heula, noe matak sok bĕrĕsih djeung herang katendjona. Malah di London mah marahal pisan didjoealna eta soklat noe asal ti Ceylon. Di nagara Guadeloupe ge geus dipĕtjak-pĕtjak dilampahkeun kitoe, tatapi gagal, eta siki beunang ngoembah anggoer beuki katjida toehoerna sarta toengtoengna mah katjida teuing rĕgasna samalah babari pisan rĕmoek. Ari di nagara Venezuela bawah Amerika keneh siki soklat noe geus beunang meujeum katiloe poëna kabiasakeunana sok diawoeran taneuh beureum beunang nipoeng, sarta digalokeun koe singkoep kai. Ti dinja diteundeun deui dina pameujeuman sarta toeloej dipeujeum. Atoeran kitoe teh lain ngarah tambah ngeunah

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

rasana soklat, tapi nja eta soepaja sikina gĕbrag rata roepana sarta soepaja oelah boeloekan.

Di poelo-poelo Antillen tjarang pisan noe meujeum siki soklat, sabab panjangka oerang dinja sok matak toeroen hargana ari dipeujeum heula mah. Karereaanana di Antillen eta siki soklat digoendoek-goendoekkeun bae, sarta oepama ngahadja dipeujeum oge tara liwat ti 24 djam lilana, toeloej bae diangkat sarta dipoë. Kadjadianana soklat noe asal ti Antillen nja eta anoe ti nagara Martinique djeung ti Guadeloupe koerang hade. Di djĕrona roepana sĕmoe rada woengoe, rasana rada tĕngi, sikina loba noe peot sarta babari nakĕr boeloekan. Eta sababna noe matak soklat noe dipolahkeun kitoe moerah hargana. Toekang badjong soklat noe kitoe, koedoe pek deui ngokolakeun soepaja djadi hade, sarta sok roegi nĕpi ka 12% atawa 20%. Samalah dina djĕro sapoë sapeuting oge sok loba sikina noe baroeroek atawa harideung. Galibna pisan mah soklat anoe kitoe sok dipake njieun tipoeng soklat anoe no. 2 atawa no. 3 anoe mărоerah djeung garoreng tea.

Dĕmi siki soklat anoe kasĕboet hade, lain anoe hampang sapĕrti siki noe gaboeg, tapi koedoe anoe beurat, bangoenna tjara ĕndog hajam, dina toengtoengna koedoe rada gĕpeng, roepana ti loear koedoe rata pisan beureum ngora, sarta di djĕrona koedoe rada sĕmoe koneng.

Di mana siki soklat geus asak pisan dikokolakeunana, eta leuwih hade dipilih heula, malah aja pakakasna paragi ngajak ngaranna *machine Cabasson*, ngalap djĕnĕnganana toean anoe ngamimitian njieun. Noe didjieun eta pakakas ajakan teh beusi lambaran, dipĕlĕngkoengkeun diroepakeun koeloewoeng sarta make sababaraha liang, gĕdena eta liang hĕnteu saroea. Noeroetkeun gĕde leutikna liang, eta ajakan aja 3 roepa. Dina no. 1 liangna ngan oekoer bisa montjor sagala lĕkoet-loekoet djeung ramat-ramatna atawa koeloemoedna. Ajakan no. 2 liangna montjor siki noe panglalĕmboetna. Ari dina ajakan noe katiloe liangna montjor siki noe bangsa panĕngah, djadi siki noe pangbaradagna nja-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

rangsang dina eta ajakan. Nja siki anoe pangbadag-badagna tea anoe pangpajoena.

Tjek toean *Paul Guerin* bangsa soklat teh roepa-roepa pisan. Aja anoe raroebak, aja anoe hareureut daoenna; aja anoe tereh, aja oge anoe rada lila ngagĕdeanana, di oerang meureun beunang disĕboetkeun bangsa leuir djeung bangsa hawara atawa gendjah. Dĕmi dina bangoenna boeah aja anoe boeleud, aja anoe londjong aja oge anoe njoengtjoeng toengtoengna. Roepana tjangkang aja anoe ti barang pĕntil geus beureum, beuki kolot beuki rea oeratna anoe karoneng tea; aja anoe keurna pĕntil sĕmoe hedjo, lila-lila beureum. Malah aja oge anoe ti barang pĕntil tĕpi ka asakna tara daekeun obah anggĕr bae sĕmoe hawoek; sarta aja deui anoe keurna atah sĕmoe hedjo, dĕmi dikolotna rada koneng. Moenggoeh dina bangoenna siki oge masing-masing aja anoe londjong, aja anoe rada boeleud, aja anoe gĕpeng sabeulah. Dĕmi bangoen siki kitoe eta lain koe sabab lantaran kasĕdĕk atawa kapaksa, tapi bakatna ngadjadi bae kitoe. Ari bangsa pangaloes-aloesna nja eta anoe gĕde tangkalna, raroebak daoenna, boeahna rada parandjang sarta njoengtjoeng toengtoengna, ti barang pĕntil ge geus beureum; sikina bangsa kitoe rea sarta eta siki baroeleud. Anoe panggoreng-gorengna, nja eta anoe bangsa koneng boeahna, sikina rada gĕpeng.

Samalah soklat oge aja anoe tjara kawoeng bae, nja eta salawasna kĕmbangan boeroeng tara daekeun djadi boeah.

*Tjiandjoer*, 30 December 1896.

---

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI

# IV.

## BAB NJANGGAR.

*Karangan Raden* Rangga Djaja di laga, *Wadana* Peser, *(Tjiandjoer).*

Sarerea oge tangtoe pada tĕrang waktoe ajeuna rea keneh ahli tani di poelo Djawa anoe masih koekoeh make adat boeda, nja eta lamoen mitĕmbĕjan diboeat koedoe make noeroenan heula, tĕgĕsna *njanggar*. Meh sarerea bae noe njarawah pada garadoeh saoeng sanggar, pakeun oenggal taoen, soepaja hĕnteu soesah njieun deui dina moesimna diboeat.

Kalampahna lamoen rek mitĕmbĕjan, eta sanggar teh dihiasan koe daoen kawoeng, patjing, soelangkar, oar djeung djaba ti eta, sarta dina oenggal djoeroe ditantjĕban sawen make rarawis koe daoen kawoeng.

Dĕmi atoeranana, mimitina doekoen (toekang noeroenan) neangan boeah pare anoe ngatjoeng ka langit; hĕnteu koedoe rea-rea satangkal doea tangkal oge tjoekoep; leuwih oetama moen bisa meunang dina kotakan palĕbah oeroet mitĕmbĕjan tandoer. Di dinja eta saoeng sanggar teh diteundeunna, karana disĕboetkeun koe noe baheula, tangkal noe ngatjoeng tea noedoehkeun *Nji Sri* pisoempingeun ti kahĭangan lĕbah dinja pisan; noe matak koedoe disajagikeun warna-warna lalawoeh katoeangan *Nji Sri*, sapĕrti: tjongtjot, koeloeb, ĕndog, goela, doewĕgan, tiwoe, pameres (sisir), eunteung djeung warna-warna lian ti eta.

Sanggeus kitoe toeloej doekoen teh mapatkeun do'a atawa djampe, maksoedna ngahatoeranan tjalik atawa ngon-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Badan Pustaka

dang *Nji Sri* ka tĕmpat sawah noe rek dipiboeatan tea, sarta njoehoenkeun bĕrkah salamĕt.

Eta kitoe tjek sawareh tjarita, anoe matak saban-saban mitĕmbĕjan diboeat, koedoe make saoeng sanggar.

Meureun aja oge ahli tani djaman ajeuna anoe tatjan tĕrang sarta hajang ngadangoekeun toetoeranana noe disĕboet *Nji Sri*, doemeh moenggoeh ahli tani djaman ajeuna kareaanana dina hal njanggar ngan toetoeroet moending bae, hĕnteu tĕrang papajanana tjoektjroekanana.

Tjaritana teh kieu: Waktoe keur aja keneh karatoean *Padjadjaran*, agama oerang tanah *Djawa* istoening hĕnteu poegoeh tangtoena, djalma-djalma pada noeroetkeun napsoena sorangan bae; tĕgĕsna masing-masing saniatna, sakarĕpna sorangan bae. Sawareh aja noe njĕmbah ka kajoe, ka batoe, aja oge anoe mangeran ka seuneu, ka srangenge, ka sapi, ka heulang djeung aja deui anoe njĕmbah ka batara djeung ka dewa. Djaman harita bedjana aja hidji ratoe, anoe leuwih agoeng kawasana sarta leuwih loehoer martabatna, malah meh satanah *Djawa* anoet taloek ka dinja. Aři kakasihna *Sang Praboe Siliwangi* atawa sok disĕboet oge *Ratoe Pakoean*, karatonna di *Pakoean Padjadjaran*, noe ajeuna djadi tĕmpat kota *Bogor*. Dĕmi eta ratoe, anoe sakitoe agoengna, sĕsĕmbahanana mangeran ka *Dewa Goeroe Jang Pramesti*; nja eta ratoe agoeng binatara anoe ngaradjaan *Sawargaloka*. (Di mana eta Sawargaloka teh? Teu aja anoe bisa nĕrangkeun; ngan tjek bedja mah di tanah *Asia*, wĕwĕngkon tanah *Hindoe*, dina poentjak goenoeng *Himalaja*).

Kitoe tjaritana; tatapi ari koela mah hĕnteu bisa njĕboetkeun, ieu bedja bĕnĕr atawa djidjieunan bae.

Dĕmi ratoe *Siliwangi* tea liwat saking dipikaasih koe *Dewa Jang Pramesti*. Sapĕrkara tina bangĕt ngabaktina: beurang peuting hĕnteu pĕtot-pĕtot koemawoela, njĕmbah, moedji ka goeroe *Jang Pramesti*; kadoea pĕrkara dimoeljakeun, sapedah eta ratoe poegoeh asal oesoelna toeroenan bangsa loehoer.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Katjaritakeun mangsa harita pangĕrsa *Jang Pramesti Goeroe* ngadaměl saroepa bale agoeng. Ti dinja Batara Goeroe ladjĕng ngadawoehan ka papatihna, djĕnĕnganana *Pandji Narada*, soepaja diparentahkeun ka sakabeh abdi-abdi ponggawa, koedoe pada njadiakeun tihang atawa tatapakan pikeun bale tea; sarta djangdji ratoe, saha-saha anoe moengpang atawa hĕnteu njambadaan kana sapamoendoet, hoekoemanana diteukteuk leundjeuran, tĕgĕsna dipotong beuheung. Djadi mangsa harita njawa manoesa teh moerah pisan, kawas teu hargaan bae; soemawonna moenggoeh hoekoeman noe adil, djaoeh měla-měloe pisan.

Sanggeus *Pandji Narada* nampi dawoehan ratoe kitoe, toeloej bae ngoempoelkeun sakabeh abdi-abdi para ponggawa; tjek paribasa tea mah ti soeklakna ti sikloekna oerang pasisir mantjanagara pada disalaoer, daratang kabeh, narĕmonan panjaoer. Sanggeus koempoel kabeh abdi-abdi, toeloej ditimbalan koe Sang *Pandji Narada*, sakoemaha dawoehan ratoe. Dĕmi pioendjoek sadajana ponggawa, hĕnteu aja sanes, amoeng sĕdja oeloen koemawoela beurang peuting, sĕdja ngadjoengdjoeng sakoemaha kĕrsa ratoe; ngan aja hidji ponggawa djĕnĕnganana *Dewa Anta*, nja eta bangsa oraj atawa naga noe ngoeloewoet koe eta dawoehan. Waktoe *Pandji Narada* nimbalkeun dawoehan ratoe, dadak sakala parangi *Dewa Anta* teh pias saroepa anoe soesah, sarta hĕnteu ngawalon naon-naon. Barang katingali koe *Pandji Narada Dewa Anta* kitoe, toeloej dipariksa, timbalan *Pandji Narada*: „He *Dewa Anta!* naon sababna, noe matak maneh hĕnteu ngawalon kana dawoehan ratoe, padahal batoer-batoer mah sarerea pada soemoedjoed soemanggĕm kana kĕrsa ratoe? Naha maneh teh moengpang kana pangĕrsa noe Agoeng? Lamoen kitoe ingĕtan maneh, tangtoe ajeuna oge beuheung maneh diteukteuk, disanggakeun ka ratoe".

Barang kakoeping koe *Dewa Anta* timbalan *Pandji Narada* kitoe, dadak sakala pias sarta djeung ngadegdeg, bawaning koe reuwas djeung sieun. Pioendjoekna bari

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

tjoemalimbam: „Noen Goesti! soemoehoen timbalan, anoe mawi abdi hĕnteu kawĕrat ngawalon, koe bawaning ewĕd; doemeh gamparan langkoeng tingali; pangawak djisim abdi djadi mahloek hĕnteu sakaroepi sarĕng batoer, hĕnteu gadoeh leungeun, hĕnteu gadoeh soekoe; kitoe-kitoe dikĕrsakeun kĕdah ngaroepikeun tatapakan. Eta sadaja-daja kĕdah koemaha dipidamĕlna koe djisim abdi? Kitoe noe mawi djisim abdi sakalintang bingoeng, kirang-kirang mah hampoentĕn ratoe, kantĕnan njawa djisim abdi dipoendoet kadamĕl nĕboesan tatapakan pamoendoet tea".

Oendjoekan kitoe Dewa Anta bari njoeroetjoed tjipanonna sarta kaliwat sĕdih.

Adjaib katjida wĕt aja tiloe kĕtjlak tjipanonna anoe ragrag toeloej ngagorolong djadi ĕndog, liwat saking aloesna djeung gilang-goemilang tjahajana.

Barang katingali koe Pandji Narada sarta koe para ponggawa, sadajana pada ngahoelĕng bĕngong hookeun ningal kadjadian saroepa kitoe, sarta harita keneh toeloej Pandji Narada oendjoekan ka ratoe jen aja kadjadian kitoe.

Dĕmi dawoehan ratoe: „Pandji Narada, pĕrkara oendjoekan maneh koe kami geus katarima, tapi ajeuna pisan si Dewa Anta sina ngadeuheus pribadi ka dieu sarta sina bawa eta ĕndog anoe tiloe tea".

Pandji Narada goera-giroe moelang, toeloej nimbalan ka Dewa Anta koedoe marĕk ka ratoe djeung bawa eta ĕndog.

Sakoemaha pisoesaheunana Dewa Anta disaoer koe ratoe, pangawak hĕnteu leungeunan hĕnteu soekoean; koemaha pipĕtaeunana geusan mawa eta ĕndog? Taja lian kadjaba ti diheungheum; toeloej iang marĕk ka ratoe. Di djalan papanggih djeung pirang-pirang kawawoehan sobat andena, pada naranja: „Rek ka mana, Dewa Anta, aja leumpang goera-giroe tĕmĕn?".

Tapi kabeh teu aja anoe ditembalan, toeloej bae leumpang ngaleor, sabab teu bisa ngomong, da ngaheungheum ĕndog.

Barang prok papanggih djeung sobatna ngaran *Heulangbĕlang*, ditanja koe Heulangbĕlang sarta manis: „Rek ka ma

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI

na Dewa Anta, leumpang gagantjangan, kawas aja gawe noe pĕrloe katjida?".

Koe Dewa Anta teu ditolih-tolih atjan, toeloej bae leumpang ngaleor.

Sakali doea kali Heulangbĕlang nanja, tapi teu didjawab keneh bae; ti dinja Heulangbĕlang panasaran, toeloej njampeurkeun bari koemapang njatjarekeun pokna: „Koenahaon sampean teh ngadak-ngadak pĕlĕkik, ditanja pirang-pirang kali teu nembalan?"

Dewa Anta ngabĕtĕm bae hĕnteu nembalan, toengtoengna ngamběk Heulangbĕlang teh roemasa dirina dihinakeun koe sobatna, toeloej bae soesoembar, pokna: „Dewa Anta! lamoen kitoe nja pĕta, bĕnĕr maneh bangsa mahloek anoe leuwih angkoeh djeung pĕlĕkik; aing oge hĕnteu era teu sieun moemoesoehan djeung maneh!"

Ngomongna Heulangbĕlang kitoe bari napsoe, oedjoeg-oedjoeg ngadoepak, njamběr, matjok, ngaranggeum; toeng-toengna kabintih soengoetna Dewa Anta datang ka peuraj, toeloej ĕndog noe diheungheum teh moerag doea datang ka peupeus, djadi ngan kari hidji.

Dewa Anta katjida nalangsana prihatin dipĕrgasa koe Heulangbĕlang; beungeut ramed ditjakar, sirah asa eumeur dibintihan, tapi teu ngomong sakĕmek-kĕmek atjan, toeloej bae gagantjangan marĕk ka ratoe. Sapandjang djalan kaliwat sĕdihna, satadina aja oge roemasa bakal dihampoentĕn koe ratoe, tapi ajeuna geus meunang bahla sakitoe gĕdena, ĕndog noe dipoendoet ngan kari hidji deui, ingĕtanana: geus tangtoe sadatang-datang diteukteuk beuheung.

Barang dongkap ka pajoeneun Batara Goeroe Jang Pramesti, toeloej bae soedjoed bari oendjoekan sakoemaha noe geus kadjadian ti awal nĕpi ka ahirna.

Lahiran Jang Pramesti: „Ajeuna montong soesah-soesah, pĕrkara dosa maneh kabeh geus dihampoera koe kami. Maneh geura balik bae djeung bawa deui eta ĕndog noe hidji tea, sarta koe maneh koedoe disileungleuman, karana kami hajang oeninga kadjadianana".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Dewa Anta liwat saking soeka atina sarta toeloej balik; ti dinja eta ěndog disileungleuman dina dapoeran tamiang, beurang peuting hěnteu intjah-intjah. Sanggeus djangkěp opat poeloeh poë, eta ěndog měgar djadi poetri, leuwih geulis, gilang goemilang tjahajana saroea djeung boelan tanggal opat bělas, sarta toeloej bae eta poetri disanggakeun ka ratoe.

Barang Sang Ratoe oeninga, sakalangkoeng kaget, heran ningali kadjadian saroepa kitoe, ladjěng njaoer Pandji Narada. Děmi dawoehan ratoe: „Pandji Narada, ieu boedak koe maneh koedoe dipiara masing ěnja-ěnja, sarta koe kami dipaparin djěněngan *Nji Pohatji Sanghiang Sri Dangdajang Tresnawati*".

Sanggeus kitoe toeloej bae koe Pandji Narada eta poetri ditjandak moelih, dimoemoele, dipoesti-poesti; beurang peuting hěnteu meunang djaoeh ti pajoeneunana. Tatapi eta poetri hěnteu pandjang joeswa, kira-kira gěněp toedjoeh taoen poepoet adjal, ladjěng dikoeboer sakoemaha adat biasa.

Hěnteu katjaritakeun lilana ti sanggeus eta poetri poepoes, dina koeboeran wět aja kadjadian tjoetjoekoelan pirang-pirang warna, nja eta dina palěbah sirah djadi tangkal kalapa; dina palěbah panon tangkal pare; dina palěbah oeděl tangkal kawoeng djeung sadjaba ti dinja, pirang-pirang tatangkalan, anoe gěde gawena sarta katjida mang-paatna toeloej-toemoeloej něpi ka ajeuna kaarah keneh hasilna koe djalma.

Katjaritakeun barang Jang Pramesti Goeroe ningali kadjadian anoe dina palěbah panon, nja eta tangkal pare tea, katjida hedjo lembokna, oenggal poë beuki gěde ngadjangkoengan, lila-lila rampak boeahna, sarta eta boeah asakna koneng gěbrag, ratoe teh nimbalan ka Pandji Narada koedoe ngoem-poelkeun sakabeh ponggawa, soepaja pada noengkoelan mipit eta pare. Ti dinja ladjěng ratoe ngadawoehkeun ka sakabeh ponggawa-ponggawa jen ieu roepa pare ahirna gěde pisan mangpaatna sarta djadi katjoekoepan djeung kabeungharan djalma. Waktoe harita ngaranna eta pare masih keneh di-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

sěboet „*Nji Pohatji Sanghiang Sri Dangdajang Trěsnawati*", sabab noeroet kana djěněngan nji poetri tea.

Děmi Batara Jang Pramesti ngamanah, eta pare hade dipasihkeun ka ratoe Padjadjaran (Siliwangi), soepaja diliarkeun ka abdi-abdi oerang dinja. Ti dinja ladjěng ngoetoes hidji ponggawa njanggakeun bibit pare ka Praboe Siliwangi sarta ladjěng dipělak di Padjadjaran. Ari mimitina mah singgět pisan, wantoening bibitna oge saeutik Ari dina djaman harita waktoe aja keneh ratoe di Padjadjaran, anoe ditěda koe djalma saolah-olah sangoena, ngan *koenjit, gandoem* djeung roepa-roepa beubeutian ti leuweung atawa naon bae, noe beunang dipake kahiroepan. Sanggeus rěkah eta pare, pěpělakan gandoem, koenjit djeung salian ti dinja pada ditaroenda; noe diparělak teh pare woengkoel, toeloej toemoeloej něpi ka djaman ajeuna.

Ajeuna koe koela dibalikan deui hal tjarita njanggar tea, soepaja kaharti sakabehna noe matak mitěmbějan diboeat koedoe make disanggar atawa ditoeroenan heula; nja eta: Noe matak aja atoeran njanggar sabab maksoedna ngahatoeranan tjalik Nji Pohatji Sanghiang Sri Dangdajang Trěsnawati sarta djeung njoehoenkeun běrkahna, doemeh asal kadjadian pare ti dinja.

Noe matak saoeng sanggar make dihiasan koe daoen kawoeng katoet boeahna (tjaroeloek) sarta make roeroedjakan koe goela kawoeng, sabab eta kawoeng asal kadjadian ti Nji Pohatji anoe djadi palěbah oeděl.

Make doewěgan, sabab asal kadjadian ti palěbah mastaka.

Make tjongtjot, asal kadjadian Nji Pohatji palěbah sotja.

Make ěndog sabab asal kadjadian Nji Pohatji měgar tina ěndog.

Waktoe mitěmbějan tandoer sok make dipělakan tamiang, sabab eta ěndog disileungleuman koe Dewa Anta dina dapoeran tamiang.

Make oar, daoen patjing djeung sadjaba ti dinja rea keneh noe sok dipake pěrhiasan njanggar, di dieu hěnteu disě-

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

boetkeun hidji-hidjina, eta kabeh asal kadjadian tina koeboeran keneh bae.

Kitoe tjaritana toetoeranana hal njanggar, tatapi dina masing-masing tĕmpat aja oge bedana; sawareh sŏk make tipoeng tawar diwadahan dina pisin; aja noe make sisir, eunteung, gantal (nja eta seureuh digeleng-geleng), djaba ti dinja toetoerkeuneun anoe tangtoe, djadi rada make dibabade bae.

Dĕmi eta pagawean njanggar, moenggoehing di djalma anoe mangarti, tara dilampahkeun, sabab tĕrang katjida jen eta kalakoean pagawean bid'ah, tĕgĕsna pagawean djalma bodo djeung kasasar, hĕnteu beda djeung njĕmbah ka kajoe ka batoe. Boektina oge noe disambat dipoendjoeng-poendjoeng teh ngan *Pohatji*, *Dewa* djeung *Batara*. Ari *Allah* mah, noe maparin rĕdjĕki djeung noe maparin sagala kadjadian, hĕnteu disabit-sabit. Djeung deui koe sarerea oge tangtoe pada kaharti, sanadjan ĕnja oge aja eta dewa djeung batara teh, mapan toenggal mahloek, dadamĕlan *Goesti Allah* keneh bae! Koenahaon atoeh anoe kitoe koe oerang koedoe dipoendjoeng-poendjoeng dipenta-penta bĕrkahna. Reudjeung deui, lamoen njanggar mah geus tangtoe koedoe aja karoegianana, da koedoe make barang sasadjen sapĕrti kalapa, poetjoek kawoeng djeung djaba ti dinja. Sakoerang-koerangna oge koedoe make balandja 20 cent, djaba pagawe hese tjape. Samalah aja deui tambahna: dina sanggeus beres pakaja diboeat, noe njanggar teh apan koedoe aja kaelingan ka doekoen tea, sakoerang-koerangna oge doea tiloe gedeng minangka oepah mitĕmbĕjan diboeat.

Tjoba pikir koe sarerea: koerang naonana kabodoan rek dileuwihkeun ti kieu, toer ieu kalakoean sia-sia maloeloe, djaoeh mĕla-mĕloe kana noe sabĕnĕr-bĕnĕrna.

Meureun aja sawareh ahli tani anoe ngadjawab: „Eta pagawean njanggar poegoeh saroepa adat priboemi, noe geus dipilampah koe djalma ti djaman boeda keneh, djeung eta ongkos 20 cent teu sakoemaha, mapan ti anggalna pitiloeboelaneun deui geus noengtoet sasadiaan; sakitoe

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI Balai Pustaka

mah teu djadi kabeuratan ka ahli tani". Eta ěnja pisan kitoe, tatapi sanadjan adat priboemi, matak naon moen eta adat Padjadjaran ditoenda, ari teu běnĕr djeung teu aja mangpaatna mah.

Eta ongkos 20 cent běnĕr pisan teu djadi kawaloeratan, tatapi tjoba pikir disadjĕro district Peser bae woengkoel aja 4576 loewoek sawah djeung hoema, noe biasa oenggal oesoem diboeat make disanggar poepoehoenan. Lamoen diitoeng hidji loewoek 20 cent bae, geus aja ongkos *f* 915.20 dina oenggal taoen. Eta lain saeutik-eutik rĕdjĕki! Soemawonna lamoen diitoeng antero tanah Djawa, meureun pirang-pirang kĕti atawa malioen loewoek sawah djeung hoema, anoe oenggal taoen biasa disadiakeun saoeng sanggar. Sakoemaha teuing pireaeunana kĕti atawa malioen roepia rĕdjĕki, noe dimonjah-monjah dipake balandja pagawean noe teu poegoeh oeroesanana. Djeung sabaraha laksa atawa malioen pikoel pare noe dibikeun ka toekang noeroenan, doekoen noe bohong maloeloe?

Soekoer pisan ajeuna di djro district Peser abdi-abdi geus rea pisan anoe mitjeun eta adat Padjadjaran. Kareaanana oerang tani di Peser lamoen rek mitĕmbĕjan diboeat, tara njanggar tara njawen heula. Asal geus asak parena, toeloej bae dipiboeatan. Kadjadianana geuning hĕnteu aja pisan halangan ti Dewa ti Batara, djeung hĕnteu tombok balandja.

---

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Panoetoep ieu djilid XIII, anoe minangka djadi tjikalna karangan ti saĕnggeusna koe noe Agoeng dibeuratkeun ka koela, panoenoehoen koela teh teu aja lian ngan moega-moega bae ieu boekoe batjaan „mitra noe tani" bisa madjoe, sarta sagala anoe ditjitak dina ieu boekoe, moega-moega bisa njangsang ka abdi-abdi noe Agoeng; bisa djadi panoengtoen kana kahiroepan tatanenna, ambrih pinanggih sagala kasĕnangan sarta beuki tambah karahardjaan nagara!

Sakitoe pamoemoega koela teh!

Oepama aja anoe rĕsĕpeun njieun karangan hal pĕpĕlakan atawa tatanen, anoe kira-kira pantĕs atawa beunang diasoepkeun kana ieu boekoe batjaan mitra noe tani, koela soekoer pisan; samalah lamoen karanganana koe kangdjĕng Goepĕrnĕmen kamanah, sarta anoe boga karangan hajangeun, meureun dipaparin gandjaran doeit.

Dĕmi ngirimkeunana karangan, hade nĕda toeloeng ka toean-toean Controleur atawa ka Assistent-Resident, mo boeroeng dilaksanakeun.

H. DE BIE.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

# EUSINA

lambaran:


I. Hal sanintĕn, karangan Padoeka Toean K. F. Holle, disoendakeun koe Raden Dĕmang Soerja nata lĕgawa, Patih afdeeling Soekaboemi . . . 3

II. Bab laoek tjai, karangan Raden Toemĕnggoeng Tjakra Nagara, Boepati Koedoes, disalin kana basa Soenda koe Raden Soema di pradja, Djoeroe basa Soenda. . . . . 5

III. Bab soklat (cacao), karangan toean Controleur H. de Bie . . . . . 9

IV. Bab njanggar, karangan Raden Rangga Djaja di laga, Wadana Peser (Tjiandjoer) . . . . . 19


PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

# DE VRIEND VAN DEN LANDMAN

(SOENDASCHE TEKST).

## DEEL XIII.

(GOUVERNEMENTS BESLUIT 26 MAART 1897 No. 18).

Semarang-Drukkerij en Boekhandel
H. A. Benjamins, Semarang.
1914.